
Avi Pratik Konfidansyalite Famasi Ozetazini pou Enfòmasyon Prive

AVI SA A DEKRI FASON YO UTILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK KIJAN OU KAPAB JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO.

TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.

I. Angajman nou pou Enfòmasyon Prive Ou

The Great Atlantic & Pacific Tea Company, Inc. ("A&P") ak fanmi konpayi ameriken li yo (yo tout rele pafwa "Konpayi an"), avèk tou famasi l ap opere nan magazen li yo, pran angajman pou pwoteje konfidansyalite Enfòmasyon Medikal Pwoteje ("PHI") ou nou resevwa dapre lwa federal ak lwa leta sou konfidansyalite, epitou dapre pwòp règleman, pratik ak pwosedi konfidansyalite Konpayi an. Konpayi an gen obligasyon dapre lalwa pou bay (oswa pou fè famasi li yo bay) moun yo avi responsablite legal li yo ak pratik konfidansyalite li anrapò ak PHI. PHI se enfòmasyon ki konsène ou, tankou enfòmasyon demografik debaz, ki kapab idantifye ou epitou ki asosye avèk eta sante fizik oswa mantal ou lontan, pou kounye a, ak alavni epitou ki asosye avèk sèvis swen sante. Avi Pratik Konfidansyalite sa a ("Avi") dekri kijan famasi Konpayi an (ak sèten domèn asosye nan Konpayi an) kapab itilize ak divilge PHI ou pou fè tretman, peman, oswa fonksyonman swen sante, epitou pou lòt objektif espesifik lalwa otorize oswa egzije. Avi sa a dekri tou dwa ou genyen anrapò ak PHI ki konsène ou. Pou ede ou pi byen konprann Avi sa a, tanpri note sa ki anba la a: (1) kèlkeswa lè Avi sa a itilize mo "Famasi a" oswa "Famasi yo", li vle di youn oswa plizyè nan famasi Konpayi an ap opere nan magazen li yo; (2) kèlkeswa lè Avi a itilize mo "nou". Li vle di Famasi yo ak sèten gwoup nan Konpayi ki patisipe nan operasyon Famasi a nan sèten fason. Nou gen obligasyon pou respekte dispozisyon Avi sa a. Nou p ap itilize oswa divilge PHI ki konsène ou san pèmasyon ou alekri, sof jan sa dekri nan Avi sa a.

II. Chanjman nan Avi sa a

Nou gen dwa pou revize, chanje, oswa amande pratik nou yo ak Avi sa a, epitou nou gen dwa fè nouvo Avi a vin anvigè pou tout PHI nou genyen deja sou ou, ak pou nenpòt nan PHI ou nou kapab resevwa, kreye oswa konsève alavni. N ap afiche yon kopi dènye Avi a yon kote ki enpòtan, epitou ou kapab mande nou yon kopi dènye Avi a sou papye. N ap mete Avi nou an sou sit wèb nou tou nan www.aptea.com epitou n ap mete lyen ki nan sit wèb yo pou diferan paj-dakèy Konpayi an mennen nan sit wèb Konpayi an.

III. Dwa ou pou Enfòmasyon Medikal ou

Ou gen dwa sa yo anrapò ak PHI ki konsène ou:

Jwenn yon kopi Avi a sou papye depi ou fè demann lan. Ou kapab fè demann yon kopi Avi a nenpòt lè. Menmsi ou te dakò pou resevwa Avi a sou fòm elektwonik, ou toujou gen dwa pou resevwa yon kopi sou papye. Pou jwenn yon kopi sou papye, senpleman pase nan Famasi zòn ou pou pran yon kopi, oswa ou kapab voye yon demann alekri ba Ofisye Konfidansyalite Konpayi an ki adrese konsa: The Great Atlantic & Pacific Tea Company, Inc., Attn.: Ofisye Konfidansyalite, 2 Paragon Drive, Montvale, New Jersey 07645, oswa ou kapab voye demann lan nan yon diferan adrès Konpayi an kapab deziyen nan yon lòt dat (Adrès Avi a).

Fè demann yon restriksyon sou sèten itilizasyon ak divilgasyon PHI. Ou gen dwa pou mande pou genyen restriksyon adisyonèl sou fason nou itilize ak divilge PHI ki konsène ou. Pou fè sa a, ou fèt pou voye yon demann alekri ba Ofisye Konfidansyalite a nan Adrès Avi a. Tanpri idantifye klè epi pa ekri twòp bagay: (i) enfòmasyon ou vle pou gen restriksyon sou yo a; (ii) fason ou vle pou gen restriksyon sou enfòmasyon yo; epitou (iii) sou kimoun ou vle pou limit yo aplike. Nou pa gen obligasyon pou aksepte restriksyon sa yo. Men, si nou dakò, n ap konfòme nou avèk restriksyon yo, sof nan limit lalwa egzije, nan ijans, oswa lè enfòmasyon yo nesèsè pou trete ou.

Enspekte ak jwenn yon kopi PHI ou. Ou gen dwa pou jwenn ak fè kopi PHI ou ki kapab itilize pou pran desizyon konsènan ou - yon "seri dosye ki deziyen" - toutotan A&P Pharmacy konsève PHI a. Anjeneral, seri dosye ki deziyen an ap genyen preskripsyon ak dosye bòdwo. Pou enspekte oswa pou fè kopi PHI ki konsène ou, ou fèt pou voye yon demann alekri ba Ofisye Konfidansyalite Konpayi an nan Adrès Avi ki endike nan seksyon VII Avi sa a. Nou kapab mande ou pou peye yon frè pou depans ki asosye avèk fotokopi ak ekspedisyon demann ou an pa lapòs. Nou kapab refize demann ou pou enspekte ak pou fè kopi nan sèten sikonstans ki limite. Si nou ba ou refi pou jwenn yon PHI ki konsène ou, ou kapab mande pou nou revize refi a. Pou fè sa, ou kapab voye yon demann alekri ba Ofisye Konfidansyalite Konpayi an nan Adrès Avi a.

Mande pou gen yon amannman nan PHI ou. Si ou panse PHI nou genyen konsènan ou a pa konplè oswa pa kòrèk, ou kapab mande pou nou fè amannman ladan. Ou kapab mande yon amannman toutotan nou konsève PHI ou. Pou fè demann yon amannman, ou fèt pou voye yon demann alekri ba Ofisye Konfidansyalite Konpayi an nan Adrès Avi a. Ou fèt pou ajoute yon rezon ki sipòte demann ou. Nan sèten ka, nou kapab refize demann ou a pou amannman an. Si nou bay refi pou demann ou pou amannman an, ou gen dwa pou fè yon deklarasyon pou di ou pa dakò avèk desizyon an. Pou fè sa, ou kapab voye deklarasyon ou ba Ofisye Konfidansyalite a nan Adrès Avi a, epitou nou kapab bay yon refitasyon pou deklarasyon ou.

Resevwa yon kontrandi divilgasyon PHI ou. Ou gen dwa pou resevwa yon kontrandi divilgasyon nou te fè sou PHI ki konsène ou apre 14 avril 2003 pou sèten objektif. Kontrandi a p ap genyen ladan sèten itilizasyon ak divilgasyon, tankou divilgasyon nou fè pou tretman, peman, oswa fonksyonman swen sante, divilgasyon nou fè dirèkteman ba ou, divilgasyon nou otorize, ak divilgasyon nou fè ba zanmi oswa manm fanmi ou ki patisipe nan swen ou. Dwa pou resevwa yon kontrandi kapab genyen sèten eksepsyon, restriksyon, ak limit. Pou mande yon kontrandi, ou fèt pou soumèt yon demann alekri ba Ofisye Konfidansyalite a nan Adrès Avi a. Demann ou a fèt pou endike peryòd tan, men li pa kapab pi plis pase sis (6) ane. N ap ba ou premye kontrandi ou mande nan yon peryòd 12 mwa a pou gratis, men nou kapab mande ou pou peye pou depans nou fè pou ba ou kontrandi adisyonèl yo. N ap fè ou konnen depans nou fè a, epitou ou kapab chwazi pou anile oswa pou chanje demann ou nan moman sa a.

Kominikasyon konfidansyèl. Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou sante ou ak kesyon ki asosye ak sante nan yon manyè patikilye, oswa nan yon sèten kote. Pa egzanp, ou kapab mande pou nou kontakte ou konsènan zafè medikal ou yo alekri sèlman, olye nou fè sa nan telefòn, oswa nan travay, olye nou fè sa lakay ou. Pou mande kominikasyon konfidansyèl PHI ki konsène ou, ou fèt pou soumèt yon demann alekri ba Ofisye Konfidansyalite a nan Adrès Avi a. Demann ou fèt pou endike kijan oswa ki kote ou ta renmen pou nou kontakte ou, men ou pa bezwen bay yon rezon pou demann ou a. N ap satisfè tout demann ki rezonab.

IV. Egzanp Fason Nou Kapab Itilize ak Divilge PHI

Sa ki anba la yo se deskripsyon ak egzanp fason, n ap, oswa nou kapab, itilize ak divilge PHI ou. Tanpri sonje chak itilizasyon oswa divilgasyon patikilye pa endike anba a. Men, diferan fason nou gen otorizasyon pou itilize ak divilge PHI ou tonbe nan youn nan kategori ki endike nan seksyon sa a.

N ap itilize PHI ou pou tretman. Egzanp: N ap itilize enfòmasyon famasyen an jwenn pou prepare medikaman sou preskripsyon pou ou. Nou kapab mande doktè ki preskri ou medikaman yo pou li ban nou enfòmasyon yo, oswa nou kapab mande doktè ki jwenn rekòmandasyon doktè ki preskri ou medikaman yo pou li ban nou enfòmasyon yo. Answit, n ap mete nan dosye enfòmasyon ki asosye ak medikaman nou prepare pou ou ak sèvis nou ofri ou yo.

N ap itilize PHI ou pou peman. Egzanp: N ap kontakte konpayi asirans ou oswa manadjè benefis famasi a pou detèmine si l ap peye pou preskripsyon ou ak kantite lajan kopeman ou. N ap voye bòdwo ba ou oswa

ba yon peyè twazyèm pati pou frè medikaman sou preskripsyon nou prepare pou ou. Enfòmasyon ki sou bòdwo a oswa ki vini ak bòdwo a kapab genyen enfòmasyon ki idantifye ou, ak preskripsyon w ap pran yo.

N ap itilize PHI ou pou fonksyonman swen sante. Egzanp: Nou kapab itilize enfòmasyon ki nan dosye medikal ou pou kontwòle pèfòmans famasyon ki ofri tretman pou ou, oswa pou fè aktivite kontwòl depans ak planifikasyon biznis. N ap itilize enfòmasyon sa yo nan yon efò pou amelyore kalite ak/oswa efikasite sèvis swen sante a ak pwodui nou ofri yo.

Asosye biznis: Nou kapab divilge PHI ou ba sèten asosye biznis lan ki fè sèvis pou nou nan kontra nou genyen avèk yo. Pa egzanp yo, genyen nenpòt konpayi nou angaje pou administre nenpòt nan pwogram benefis medikaman sou preskripsyon nou yo, pou travay sou reklamasyon benefis sante ak/oswa sou peman, pou travay sou reklamasyon Medicare, pou fè antretyen ak sèvis nan sistèm enfòmasyon ki trete nenpòt kalite done sa yo oswa ki estoke PHI yo. Lè nou pase kontra pou sèvis sa yo, nou kapab divilge PHI ki konsène ou ba yon asosye biznis lan pou asosye biznis lan kapab fè djòb nou te mande li pou fè a, epitou pou nou voye bòdwo ba ou oswa ba yon peyè twazyèm pati pou sèvis nou ba ou yo. Pou pwoteje PHI ki konsène ou, nou mande asosye biznis lan pou pwoteje PHI ou yon fason ki apwopriye.

Kominikasyon ki asosye ak sante: Nou kapab itilize oswa divilge PHI ou pou nou kapab kominike avèk ou, nan telefòn, oswa yon lòt fason, konsènan yon pwodui oswa yon sèvis ki asosye avèk tretman ou (tankou pou fè ou sonje preskripsyon ak renouvèlman medikaman ou yo), oswa pou ede kouwòdone oswa kontwòle swen ou, oswa pou endike oswa pou rekòmande tretman altènatif, terapi, founisè, anviwònman swen, oswa lòt benefis ak sèvis ki asosye ak sante ki kapab enterese ou.

Administrasyon Federal pou Kontwòl Manje ak Medikaman (FDA): Nou kapab divilge ba FDA, oswa moun ki nan jiridiksyon FDA, PHI ki asosye ak efè segondè anrapò avèk medikaman, manje, sipleman, pwodui oswa anomali pwodui, oswa enfòmasyon sou siveyans apre maketing pou pèmèt yo rantre pwodui a, pou repare li, oswa pou ranplase li.

Konpansasyon travayè: Nou kapab divilge PHI ki konsène avèk otorizasyon lwa ki konsène konpansasyon travayè oswa pwogram sanblab yo kreye dapre lalwa, oswa jan sa nesèsè pou nou konfòme nou avèk lwa sa yo.

Sant piblik: Jan lalwa egzije sa, nou kapab divilge PHI ki konsène ou ba otorite sante piblik oswa ba otorite legal ki responsab pou anpeche oswa pou kontwòle maladi, domaj, oswa andikap. Aplikasyon lalwa Nou kapab divilge PHI ki konsène ou pou rezon aplikasyon lalwa jan lalwa egzije sa a, oswa pou bay repons pou yon konvokasyon nan tribinal oswa pou lòt pwosesis legal.

Dapre obligasyon lalwa: Nou fèt pou divilge PHI ki konsène ou lè lalwa egzije pou nou fè sa.

Aktivite sipèvizyon sante: Nou kapab divilge PHI ki konsène ou ba yon ajans sipèvizyon pou aktivite lalwa otorize. Pami aktivite sipèvizyon sa yo, kapab genyen, pa egzanp, odit, ankèt, ak enspeksyon, jan li nesèsè pou bay lisans ak pou gouvènman an kontwòle pwogram gouvènman an, konfòmite avèk lwa sou dwa sivil, ak sistèm swen sante a anjeneral.

Pwosedi jidisyè ak administratif: Si ou konsène nan yon pwosè oswa yon konfli, nou kapab divilge PHI ki konsène ou pou bay repons pou yon lòd tribinal oswa pou yon lòd administratif. Nou kapab divilge PHI ki konsène ou tou pou bay repons pou yon konvokasyon nan tribinal, demann pou bay pyès, oswa lòt pwosesis legal yon lòt moun ki konsène nan konfli a, men sèlman si efò te fèt pou fè ou konnen demann lan oswa pou jwenn yon lòd pou pwoteje PHI yo mande a.

Doktè lejis, doktè egzaminatè, ak direktè ponp finèb: Nou kapab divilge PHI ki konsène ou ba yon doktè lejis oswa yon doktè egzaminatè. Sa kapab nesèsè, pa egzanp, pou idantifye yon moun mouri oswa pou detèmine sa ki lakòz lanmò a. Nou kapab divilge PHI ou ba direktè ponp finèb yo yon fason ki respekte lwa ki anvigè pou yo fè travay yo.

Enstitisyon koreksyonèl: Si ou se yon prizonye oswa si ou vin yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl, nou kapab divilge PHI ou ba enstitisyon an oswa ba ofisyèl lapolis yo lè li nesèsè pou nou ba ou sèvis sante, pou pwoteksyon ak sekirite enstitisyon an, epi/oswa pou pwoteje sante ak sekirite ou oswa sante ak sekirite lòt moun ki nan enstitisyon an.

Pou bay avètisman sou yon menas grav pou sante oswa pou sekirite: Nou kapab itilize ak divilge PHI ki konsène ou lè li nesèsè pou diminye oswa pou evite yon menas grav pou sante ak sekirite ou, oswa pou sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun.

Fòs lame ak veteran: Si ou se yon manm fòs lame, nou kapab divilge PHI ki konsène ou si otorite kòmanman militè a egzije sa. Nou kapab divilge PHI ou konsènan anplwaye fòs lame etranje ba otorite militè apwopriye.

Aktivite sekirite nasyonal ak sèvis ransèyman: Nou kapab divilge PHI ki konsène ou ba ofisyèl federal otorize pou aktivite sèvis ransèyman, aktivite kont-espionaj, ak lòt aktivite sekirite nasyonal lalwa otorize.

Sèvis pwoteksyon pou Prezidan an ak lòt ofisyèl: Nou kapab divilge PHI ki konsène ou ba ofisyèl federal otorize pou yo kapab bay pwoteksyon pou Prezidan an, lòt moun ki otorize oswa chèf-deta etranje, oswa pou mennen ankèt espesyal.

Moun ki viktim abi, neglijan, oswa vyolans nan kay: Nou kapab divilge PHI ki konsène ou ba otorite gouvènman, tankou yon ajans sèvis sosyal oswa yon ajans sèvis pwoteksyon, si nou kwè yon fason rezonab ou se yon viktim abi, neglijan, oswa vyolans nan kay. N ap divilge kalite enfòmasyon sa yo sèlman nan limit lalwa egzije, si ou dakò pou nou fè divilgasyon an, oswa si lalwa otorize divilgasyon an, epitou si nou kwè li nesèsè pou evite danje grav pou ou oswa pou yon lòt moun, epitou si ofisyèl lapolis oswa ofisyèl piblik ki dwe resevwa rapò a fè konnen li nesèsè epi li p ap itilize rapò a kont ou.

V. Otorizasyon pou Lòt Itilizasyon ak Divilgasyon PHI

N ap jwenn otorizasyon ekri anvan nou itilize oswa divilge PHI ki konsène ou pou objektif ki diferan ak sa ki prevwa anwo a oswa jan lalwa otorize oswa egzije sa. Ou kapab anile yon pèmasyon alekri nenpòt lè. Depi nou resevwa anilasyon an alekri, n ap sispann itilize oswa divilge PHI ki konsène ou, sof nan limit nou te deja pran mezi anrapò ak pèmasyon an. Men, tanpri sonje nou lalwa ki anvigè a kapab pa egzije nou pou konsève sèten PHI ki konsène ou, sitou konsènan fason nou ofri sèvis sante ak pwodui.

VI. Pou Plis Enfòmasyon oswa pou Rapòte yon Pwoblèm

Si ou genyen kesyon oswa si ou ta vle jwenn lòt enfòmasyon sou pratik konfidansyalite Pharmacy A&P, ou kapab kontakte Ofisye Konfidansyalite Konpayi an nan privacyofficer@apte.com oswa nan Adrès Avi a. Si ou kwè yo te vyole dwa konfidansyalite ou, ou kapab fè yon plent alekri ba Ofisye Konfidansyalite Konpayi an nan Adrès Avi a oswa ba Sekretè Depatman Federal Sante ak Sèvis Imen (Ministè Sante Piblik). P ap genyen vanjans kont ou poutèt ou fè yon plent.

VII. Adrès ak Nimewo Telefòn Avi a

Rele 1-800-998-4549 oswa voye tout korespondans, demann, kesyon ak plent ki asosye ak itilizasyon oswa divilgasyon PHI ou Konpayi an otorize oswa gen egzijans pou fè, epitou ki asosye ak dwa ou anrapò ak PHI ou nan adrès ki anba la (Adrès Avi a) nan fòm ki ekri:

The Great Atlantic & Pacific Tea Company, Inc.
Attention: Privacy Officer
2 Paragon Drive
Montvale, New Jersey 07645

VIII. Dat li Anvigè

Avi sa a anvigè apati 6 avril 2009.

NÒT SIPLEMANTÈ NAN AVI PRATIK KONFIDANSYALITE THE GREAT ATLANTIC & PACIFIC TEA COMPANY, INC., AK DIVILGASYON FILYAL YO FÈ SOU LWA LETA KI GEN PLIS RESTRIKSYON KONSÈNAN KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON MEDIKAL

Sa ki anba la a se yon rezime lwa leta ki pi sevè pase Règ Konfidansyalite nan eta kote Konpayi an opere famasi, ak/oswa règleman ak pratik Konpayi an ki dekri nan Avi sa a. Chak famasi Konpayi an ki nan nenpòt nan eta ki endike anba a ap konfòme yo avèk lwa leta ki pi sevè kote famasi an ye a, jan san endike anba a:

KONEKTIKÈT

Sof jan lwa ki anvigè bay otorizasyon, nou p ap divilge enfòmasyon sou sèvis famasi nou ba ou ba twazyèm pati san konsantman ou, sof ba moun sa yo:

- a. pratisyen ki fè preskripsyon oswa yon famasyon oswa yon lòt pratisyen ki fè preskripsyon k ap trete ou nan moman an lè nou kwè sa apwopriye sou plan medikal;
- b. enfimiyè ki aji kòm yon ajan pou yon pratisyen ki fè preskripsyon k ap trete ou nan moman an oswa yon enfimiyè k ap pran swen ou nan yon lopital;
- c. peyè twazyèm pati ki peye reklamasyon pou sèvis famasi nou ba ou oswa ki genyen yon akò oswa yon kontra fòmèl pou fè odit nenpòt dosye oswa enfòmasyon anrapò ak reklamasyon sa yo;
- d. nenpòt ajans gouvènman ki gen otorite legal pou revize ak jwenn enfòmasyon sa yo;
- e. nenpòt moun, gouvènman leta oswa gouvènman federal, oswa nenpòt ajans gouvènman leta oswa federal, oswa dapre yon konvokasyon nan tribinal; epitou
- f. nenpòt moun, sosyete, patenarya oswa lòt enstitisyon legal ki genyen yon akò ekri avèk famasi a pou gen aksè nan baz done famasi a depi enfòmasyon yo jwenn yo se sèlman done ki pa idantifye moun espesifik.

Sof jan lwa ki anvigè bay otorizasyon pou sa, epitou sof anrapò avèk lavant yon biznis famasi oswa lè plizyè famasi fè yon sèl, nou p ap vann enfòmasyon dosye medikal ki kapab idantifye ou pèsònèlman.

NYOUJÈZE

Sof jan lalwa ki anvigè egzije sa, nou p ap divilge enfòmasyon medikal ki asosye ak VIH oswa SIDA ki idantifye moun ki kapab site nan enfòmasyon an.

NOUYÒK

Nou p ap gen aksè nan yon dosye elektwonik oswa yon baz done komen ki itilize pou konsève enfòmasyon famasyon ki kapab idantifye ou pèsònèlman sof sou demann espesyal ou oswa ajan ou.

Nou p ap divilge enfòmasyon konfidansyèl ki asosye ak VIH (avèk tou enfòmasyon konfidansyèl ki asosye ak VIH yo te divilge ban nou), sof nan fason sa a:

- a. Nan limit lalwa bay otorizasyon oswa pèmision pou yon divilgasyon konsa fèt
- b. Ba moun nan

- c. Ba paran adoptif moun nan, oswa ba fiti paran adoptif moun nan
- d. Ba founisè swen sante, lè li nesèsè pou ofri tretman apwopriye
- e. Ba yon moun ki otorize pou bay konsantman pou swen sante sou non pasyan an (epitou jan li nesèsè pou notifiye founisè swen ki te ekspoze nan risk enfeksyon)
- f. Ba yon direktè ponp finèb nan pwosesis nòmal biznis
- g. Ba gadyen legal yon minè, pou reprezante minè a
- h. Ba yon ajans gouvènman ki kontwole, sipèvize oswa siveye nou oswa ajan nou yo
- i. Nan limit nou te resevwa yon otorizasyon espesifik pou fè yon divilgasyon konsa
- j. Ba sèten ajan nou yo ki konsève oswa ki travay sou dosye medikal oswa dosye bòdwo pou ranbousman
- k. Ba peyè twazyèm pati oswa ba ajan yo nan limit ki nesèsè pou ranbousman, depi, depi nou gen otorizasyon pou fè divilgasyon an, si divilgasyon an se pou nenpòt rezon ki diferan ak ranbousman.

Sof jan sa otorize anba lalwa ki anvigè, nou p ap divilge enfòmasyon ki asosye ak VIH annakò ak yon konvokasyon nan tribinal, menmsi nou kapab divilge enfòmasyon yo annakò ak yon lòd tribinal, si yo montre tribinal la yon nesèsite ki konvnab pou sa.

PENSILVANI

Nou p ap divilge nenpòt enfòmasyon ki asosye ak VIH, sof nan sitiyasyon kote pasyan enfòmasyon an te ban nou yon konsantman ekri pou pèmèt nou fè divilgasyon an, oswa kote nou lalwa leta oswa lalwa federal otorize oswa egziye nou fè divilgasyon an.